

Zec

Chapter 14

Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

שְׂלָלָהּ וְחֵלֶק לְיְהוּוָה בָּא יוֹם- הַנֶּהָה 1
rayahan-panjenengan lan-dipun-bagi tumrap-Yéhuwah rawuh dinten- lah
[H7998](#) [H3068](#) [H0935](#) [H3117](#) [H2009](#)
בְּקֶרֶבְךָ:
ing-tengah-panjenengan
[H7130](#)

Lah bakal teka dina kang katetepake dening Pangeran Yehuwah, nuli barang darbekira kang dirayah bakal kaedum-edum ana ing tengahira.

יְרוּשָׁלַם אֶל- וְהַגּוֹיִם כָּל- אֶת- וְאֶסְפָּתִי 2
Yérusalèm dhumateng- bangsa-bangsa sedaya- dhumateng- lan-nglempakaken-Kawula
[H3389](#) [H0413](#) [H3605](#) [H0853](#) [H0622](#)
וְהַנְּשִׁים הַבָּתִּים וְנִשְׁטוּ הָעִיר וְנִלְכְּדָה לְמִלְחָמָה
lan-tiyang-èstri griya lan-dipun-rampas kutha lan-dipun-rebut tumrap-peperangan
[H0802](#) [H8155](#) [H3920](#) [H4421](#)
בְּנוֹלָהּ הָעִיר חֲצִי וְיֵצֵא (תִּשְׁכַּבְנָה) [תִּשְׁגַּלְנָה]
ing-buangan kutha satengah lan-medal (dipun-tilem-piyambakipun) [dipun-rudapéksa]
[H1473](#) [H2677](#) [H3318](#) [H7901](#) [H7693](#)

מִן-הָעִיר: יִכְרֶת לָא הָעָם וַיִּתֵּר 3
kutha saking- dipun-pedhot boten umat lan-turahipun
[H3772](#) [H3808](#)

Ingsun bakal nglumpukake sakehe bangsa, kang bakal padha nglurugi perang marang Yerusalem, kutha iku nuli bakal direbut, omah-omahe padha dijarah-rayah, wonge wadon padha dirusuhi. Wong isine nagara separo kagawa metu menyang pambuwangan, nanging kekarene umat ora bakal katumpes saka ing kutha kono.

כִּיּוֹם הָהֵם בְּגוֹיִם וְנִלְחָם יְהוּוָה וְיֵצֵא 3
kados-dinten punika ing-bangsa-bangsa lan-nglawan Yéhuwah lan-medal
[H3117](#) [H1992](#) [H3068](#) [H3318](#)
:קָרַב בְּיוֹם הַלְחָמוֹ
perang ing-dinten nglawan-Panjenenganipun
[H7128](#) [H3117](#)

Pangeran Yehuwah banjur bakal majeng perang nglawan bangsa-bangsa iku, kaya ing nalika dinaning campuh perang.

על- אשר הזיתים הר על- שהוא ביום- רגליו ועמרו 4
 ing- ingkang Zaitun redi ing- punika ing-dinten- suku-Panjenenganipun lan-ngadeg
[H2132](#) [H2022](#) [H1931](#) [H3117](#) [H7272](#) [H5975](#)

מזרחתה מחציו הזיתים הר ונקבע מקדם ירושלים פני
 wétan saking-satengah Zaitun redi lan-dipun-belah saking-wétan Yérusalèm ngajeng
[H4217](#) [H2677](#) [H2132](#) [H2022](#) [H1234](#) [H3389](#) [H6440](#)

והציו- צפונה ההר חצי ומש מאד גדולה גיא וימה
 lan-satengahipun- lèr redi satengah lan-pindhah sanget ageng lebak lan-kilèn
[H2677](#) [H6828](#) [H2022](#) [H2677](#) [H4185](#) [H3966](#) [H1516](#) [H3220](#)

גנבה:
 kidul
[H5045](#)

Ing wektu iku sampeyane tumapak ana ing gunung Jaitun kang kaprenah iung sangarepe Yerusalem sisih wetan. Gunung Jaitun mau bakal binelah dadi loro, saka ing wetan mangulon, satemah banjur nganakake lebak kang jembar banget; sigarane gunung mau kang siji mingser mangalar, sijine mengidul.

א-ל הרים גי- יניע כי- הרי ונסתם גיא- 5
 dhumateng- redi lebak- tekan amargi- redi-Kawula lebak- lan-lumajeng-panjenengan
[H0413](#) [H2022](#) [H1516](#) [H5060](#) [H2022](#) [H1516](#) [H5127](#)

הרעש מפני הרעש נסתם כאשר ונסתם אצל
 lindhu saking-ngajeng lumajeng-panjenengan kados-ingkang lan-lumajeng-panjenengan Azel
[H7494](#) [H6440](#) [H5127](#) [H5127](#)

קדשים כל- אלהי יהוה ובא יהודה מלך- עזיה בימי
 suci sedaya- Gusti-Allah-kawula Yéhuwah lan-rawuh Yéhuda raja- Uzia ing-dinten
[H6918](#) [H3605](#) [H0430](#) [H3068](#) [H0935](#) [H3063](#) [H4428](#) [H5818](#) [H3117](#)

עמרו:
 kaliyan-Panjenengan

Lebaking gunung-gunungSun bakal ketutupan, sabab lebaking gunung iku bakal notog ing sisihe; nuli sira bakal padha lumayu ngungsi kaya nalika sira ngungsi marga saka lindhu ing jamane Uzia, ratu ing Yehuda. Pangeran Yehuwah Gusti Allahku banjur bakal rawuh kadherekake dening sakehe para suci.

יְהוָה וְהָיָה בְּיוֹם הַהוּא אֶחָד יוֹם- וְהָיָה 6
 (lan-beku) [beku] awis pepadhang wonten boten- punika ing-dinten lan-dados
[H3368](#) [H0216](#) [H1961](#) [H3808](#) [H1931](#) [H3117](#) [H1961](#)

Ing wektu iku bakal ora ana hawa adhem maneh utawa mangsa bedhidhing,

יָנֵם לֹא- לְיְהוָה יִנְדַע הוּא אֶחָד יוֹם- וְהָיָה 7
 rina sanes- tumrap-Yéhuwah dipun-mangertosi punika satunggal dinten- lan-dados
[H3117](#) [H3808](#) [H3068](#) [H3045](#) [H1931](#) [H0259](#) [H3117](#) [H1961](#)

אור: אור- יְהוָה עָרַב לְעַתָּה וְהָיָה לְיָלָה וְלֹא-
 pepadhang dados- sonten tumrap-wekdal- lan-dados dalu lan-sanes-
[H0216](#) [H1961](#) [H6153](#) [H6256](#) [H1961](#) [H3915](#) [H3808](#)

nanging bakal ana dina -- dina iku kauningan dening Sang Yehuwah -- kang tanpa bengi lan tanpa awan, sarta bengi uga dadi awan.

8
 הַצָּיִם מִירוּשָׁלַם הַיַּיִם מַיִם-יִצְאוּ הַהוּא בְּיָוִם וְהָיָה
 satengahipun saking-Yérusalèm gesang toya-medal punika ing-dinten lan-dados
[H2677](#) [H3389](#) [H4325](#) [H3318](#) [H1931](#) [H3117](#) [H1961](#)

הָאֶחָרוֹן הַיָּם אֶל-וְהַצָּיִם הַקְּדָמוֹנִי הַיָּם אֶל-
 kilèn seganten dhumateng-lan-satengahipun wétan seganten dhumateng-
[H0314](#) [H3220](#) [H0413](#) [H2677](#) [H6931](#) [H3220](#) [H0413](#)

וְהָיָה וּבַחֲרָף בְּקֵיץ
 dados lan-ing-mangsa-asrep ing-mangsa-panas
[H1961](#) [H2779](#) [H7019](#)

Karodene ing dina iku bakal ana banyu urip kang mili saka ing Yerusalem, kang separo mili menyang ing sagara sisih wetan, separone mili menyang ing sagara sisih kulon; bab iku bakal terus mangkono ing mangsa panas lan ing mangsa bedhidhing.

9
 יְהִיָּה הַהוּא בְּיָוִם הָאָרֶץ כָּל-עַל-לְמַלְךְ יְהוָה וְהָיָה
 dados punika ing-dinten bumi sedaya-ing-dados-Raja Yéhuwah lan-dados
[H1961](#) [H1931](#) [H3117](#) [H0776](#) [H3605](#) [H4428](#) [H3068](#) [H1961](#)

אֶחָד וְשָׁמַיְם אֶחָד יְהוָה
 satunggal lan-asmanipun satunggal Yéhuwah
[H0259](#) [H8034](#) [H0259](#) [H3068](#)

Sang Yehuwah nuli bakal jumeneng Ratu, misesani salumahing bumi; ing wektu iku mung Pangeran Yehuwah kang jumeneng mribadeni lan mung asmane kang ana.

10
 יְרוּשָׁלַם נֹבֵל לְרִמּוֹן מִנְבֵּעַ כְּעָרְבָה הָאָרֶץ כָּל-יֹסֵב
 Yérusalèm kidul dhumateng-Rimon saking-Géba kados-Araba bumi sedaya-dados
[H3389](#) [H5045](#) [H1387](#) [H6160](#) [H0776](#) [H3605](#) [H5437](#)

עֲדָ-בְּנֵימִן לְמִשְׁעָר תַּחְתִּיָּה וְיִשְׁבָּה וְרֵאמָה
 ngantos-Bényamin saking-gapura panggenanipun lan-lenggah lan-dipun-inggahaken
[H5704](#) [H1144](#) [H8179](#) [H8478](#) [H3427](#) [H7213](#)

עֲדָ-חֲנַנְיָאֵל וּמִנְרֵל הַפְּנוּיִם שְׁעָר עֲדָ-הָרְאִשׁוֹן שְׁעָר מְקוֹם
 ngantos Hananéel lan-menara pojok gapura ngantos-ingkang-rumiyin gapura panggenan
[H5704](#) [H2606](#) [H4026](#) [H6434](#) [H8179](#) [H5704](#) [H7223](#) [H8179](#) [H4725](#)

הַמֶּלֶךְ יְקָבִי
 raja bak-anggur
[H4428](#) [H3342](#)

Tlatahe tanah kono kabeh bakal malih dadi Araba-Yordan, saka ing Geba tekan ing Rimon ing sakidule Yerusalem. Nanging kutha iku bakal munggul dhuwur lan tetep dumunung ana ing panggonane, wiwit saka ing gapura Benyamin nganti tekan ing gapura kang lawas, yaiku gapura Pojok, lan saka menara Hananeel tekan ing pamipitane anggur kraton.

11
 יְרוּשָׁלַם וְיִשְׁבָּה עוֹד יְהִיָּה-לָא וְחָרָם כָּה וְיִשְׁבוּ
 Yérusalèm lan-lenggah malih dados-boten lan-ipat-ipat ing-ngriku lan-dedalem
[H3389](#) [H3427](#) [H5750](#) [H1961](#) [H3808](#) [H3427](#)

לְבַטַח
 kanthi-wilujeng
[H0983](#)

Para wong bakal tetep pamanggone ana ing kono, sabab panumpesan wus bakal ora ana maneh, lan Yerusalem bakal tetep ayem tentrem.

12
 וְזָאת וְהָיָה הַמְּנַפֵּה אֲשֶׁר יִגֹּף יְהוָה אֶת-כָּל-
 lan-punika dados pageblug ingkang nggepuk Yéhuwah dhumateng- sedaya-
[H2063](#) [H1961](#) [H4046](#) [H5062](#) [H3068](#) [H0853](#) [H3605](#)

הָעַמִּים אֲשֶׁר צָבְאוּ עַל- יְרוּשָׁלַם וְהִמְקִי בְּשָׂרוֹ
 bangsa-bangsa ingkang nyerang dhumateng- Yérusalèm bosok dagingipun
[H4743](#) [H3389](#) [H1320](#) [H6633](#)

וְהוּא עִמָּד עַל- רְגֵלָיו וְיַעֲיִי לַתְּמַקְנָה בְּחַרְיָהוֹן וּלְשֹׁנֵי
 lan-piyambakipun ngadeg ing- sukunipun lan-mripatipun bosok ing-lèng lan-ilatipun
[H1931](#) [H5975](#) [H7272](#) [H4743](#) [H2356](#) [H3956](#)

תִּמְקֵם בְּפִיהֶם :
 bosok ing-cangkempun
[H4743](#) [H6310](#)

Iki wewelak kang bakal kadhawahake dening Sang Yehuwah marang sakehe bangsa kang merangi Yerusalem: dagine wong-wong bakal dadi bosok ing nalikane isih ngadeg lan mripate bakal mlosoh ana ing growongane, mangkono uga ilate bakal dadi bosok ana ing cangkeme.

13
 וְהָיָה בֵּינוֹם הָהוּא מְהוּמַת- יְהוָה רָבָה בְּהֶם
 lan-dados ing-dinten punika dados gègèran- Yéhuwah ageng ing-antawisipun
[H1961](#) [H3117](#) [H1931](#) [H1961](#) [H4103](#) [H3068](#)

וְהַחֲזִיקוּ אִישׁ יָדוֹ וְהָיָה רֵעֵהוּ וְעֻלָּתָהּ יָדוֹ עַל- יָדוֹ רֵעֵהוּ:
 lan-nyekel tiyang asta kancanipun lan-ngangkat astanipun dhumateng- asta kancanipun
[H2388](#) [H0376](#) [H3027](#) [H7453](#) [H5927](#) [H3027](#) [H3027](#) [H7453](#) [H7453](#)

Ing wektu iku bakal timbul geger gedhe kang asale saka Pangeran Yehuwah, nganti wong-wong padha candhak-cinandhak lan tempuh-tinempuh ing antarane kanca padha kanca.

14
 וְגַם- יְהוּדָה תִּלָּחֶם בִּירוּשָׁלַם הַמְּנַפֵּה וְכָל- סֵבִיב
 lan-ugi- Yéhuda nglawan ing-Yérusalèm lan-dipun-klempakaken raja-brana sedaya-
[H1571](#) [H3063](#) [H3389](#) [H0622](#) [H2428](#) [H3605](#)

הַגּוֹיִם הַגְּבוּרִים וְהַבְּנָדִים לָרַב מְאֹד : זָהָב וְכֶסֶף וּבְנֵי סָבִיב
 bangsa-bangsa sakubenging emas lan-pérak lan-sandhangan kathah sanget
[H5439](#) [H2091](#) [H3701](#) [H7230](#) [H3966](#)

Yehuda uga bakal melu perang nglawan Yerusalem, kasugihane sakehe bangsa kang ana ing sakubenge bakal kaklumpukake, yaiku mas lan salaka sarta sandhangan kang cacaha luwih dening akeh.

15
 וְכֵן תִּהְיֶה מִגִּפְתַּת הַסּוֹס הַפָּרָד הַנִּמְלֵ וְהַקְּלִי וְכָל- הַבְּהֵמָה
 lan-mekaten dados pageblug kapal bigal unta lan-kuldi lan-sedayan kéwan
[H1961](#) [H4046](#) [H6505](#) [H1581](#) [H2543](#) [H3605](#) [H0929](#)

אֲשֶׁר יִהְיֶה בְּמִתְחַנְתֵּם הַהֶמְהָה כַּמְּנַפֵּה הַזֹּאת :
 wonten ing-pakemahan punika kados-pageblug punika
[H1961](#) [H4264](#) [H1992](#) [H4046](#) [H2063](#)

Wewelak kaya mangkono mau iya bakal tumempuh marang jaran, bihal lan unta sarta kuldi, mangkono maneh sarupane kewan kang ana ing pakemahan-pakemahan.

הַבָּאִים	הַגּוֹיִם	מִכָּל-	הַנּוֹתָר	כָּל-	וְהָיָה	16
ingkang-rawuh	bangsa-bangsa	saking-sedaya-	ingkang-kantun	sedaya-	lan-dados	
H0935		H3605	H3498	H3605	H1961	

לְמַלְךְ	לְהַשְׁתַּחֲוֹת	בְּשָׁנָה	שָׁנָה	מִדֵּי	וְעַלּוֹ	יְרוּשָׁלַם	עַל-
dhumateng-Raja	nyembah	ing-taun	taun	saben	lan-mingwah	Yérusalèm	dhumateng-
H4428	H7812	H8141	H8141	H1767	H5927	H3389	

הַסְּבֻתָּ:	חַג	אֶת-	וְלֶחֶג	צְבָאוֹת	יְהוּוָה
Tarub	riaya	dhumateng-	lan-ngriyakaken	ingkang-Mahakuwasa	Yéhuwah
H5521	H2282	H0853	H2287		H3068

Kekarene sakehe bangsa kang wus nglurugi perang Yerusalem, iku saben taun bakal padha seba ngabekti marang Sang Prabu, Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi, lan mahargya riyaya Tancebing Tarub.

יְרוּשָׁלַם	אֶל-	הָאָרֶץ	מִשְׁפָּחוֹת	מֵאֵת	יַעֲלֶה	לֹא-	אֲשֶׁר	וְהָיָה	17
Yérusalèm	dhumateng-	bumi	kulawarga	saking	mingwah	boten-	ingkang	lan-dados	
H3389	H0413	H0776	H4940	H0854	H5927	H3808		H1961	

וְהָיָה	עֲלֵיהֶם	וְלֹא	צְבָאוֹת	יְהוּוָה	לְמַלְךְ	לְהַשְׁתַּחֲוֹת
wonten	ing-sanginggil	lan-boten	ingkang-Mahakuwasa	Yéhuwah	dhumateng-Raja	nyembah
H1961		H3808		H3068	H4428	H7812

הַנְּשָׂם:
jawah
[H1653](#)

Nanging manawa panunggalane para bangsa ing sajagad ora menyang Yerusalem, seba ngabekti marang Sang Prabu, Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi, iku bakal ora kaparingan udan.

וְלֹא	בְּאֶה	וְלֹא	תַעֲלֶה	לֹא-	מִצְרַיִם	מִשְׁפָּחוֹת	וְאֵם-	18
lan-boten	rawuh	lan-boten	mingwah	boten-	Mesir	kulawarga	lan-manawi-	
H3808	H0935	H3808	H5927	H3808	H4714	H4940		

הַגּוֹיִם	אֶת-	יְהוּוָה	יִגְרֶה	אֲשֶׁר	הַמִּגְבֻּה	תְּהִיָּה	עֲלֵיהֶם
bangsa-bangsa	dhumateng-	Yéhuwah	nggepuk	ingkang	pageblug	dados	ing-sanginggil
	H0853	H3068	H5062		H4046	H1961	

הַסְּבֻתָּ:	חַג	אֶת-	לֶחֶג	יַעֲלֶה	לֹא	אֲשֶׁר
Tarub	riaya	dhumateng-	ngriyakaken	mingwah	boten	ingkang
H5521	H2282	H0853	H2287	H5927	H3808	

Mangkono maneh manawa golonganing bangsa ing tanah Mesir ora seba ngadhèp, bakal kataman wewelak kang kadhawahake dening Pangeran Yehuwah marang sakehe bangsa, kang ora seba mahargya riyaya Tancebing Tarub.

הַגּוֹיִם	כָּל-	וְחַטָּאת	מִצְרַיִם	חַטָּאת	תְּהִיָּה	זָאת	19
bangsa-bangsa	sedaya-	lan-paukuman-dosa	Mesir	paukuman-dosa	dados	punika	
	H3605		H4714		H1961	H2063	

הַסְּבֻתָּ:	חַג	אֶת-	לֶחֶג	יַעֲלֶה	לֹא	אֲשֶׁר
Tarub	riaya	dhumateng-	ngriyakaken	mingwah	boten	ingkang
H5521	H2282	H0853	H2287	H5927	H3808	

Kaya mangkono kang bakal dadi paukumane wong Mesir, sarta paukumane sakehe bangsa kang ora seba mahargya riyaya Tancebing Tarub.

וְהָיָה	לִיהוָה	קָדֹשׁ	הַסּוֹס	מְצִלּוֹת	עַל-	יְהוָה	הַהוּא	בַּיּוֹם	20
lan-dados	tumrap-Yéhuwah	suci	kapal	klintingan	ing-	dados	punika	ing-dinten	
H1961	H3068	H6944		H4698		H1961	H1931	H3117	

הַמִּזְבֵּחַ:	לִפְנֵי	כַּמְזֻרְקִים	יְהוָה	בְּבֵית	הַסִּירוֹת
misbyah	ing-ngajeng	kados-bokor	Yéhuwah	ing-griya	kuwali
H4196	H6440	H4219	H3068		

Ing wektu iku dalah klinthingan jaran bakal ana tulisane kang muni: “Suci kagem Pangeran Yehuwah!” Sarta sakehe kuwali ing padalemane Sang Yehuwah dadi padha karo bokor-bokor panyiraman ing sangarepe misbyah.

לִיהוָה	קָדֹשׁ	וּבֵיהוּדָה	בִּירוּשָׁלַם	סִיר	כָּל-	וְהָיָה	21
tumrap-Yéhuwah	suci	lan-ing-Yéhuda	ing-Yérusalèm	kuwali	sedaya-	lan-dados	
H3068	H6944	H3063	H3389		H3605	H1961	

מָהֶם	וְלָקְחוּ	הַנְּבָחִים	כָּל-	וּבְאוּ	צְבָאוֹת
saking-piyambakipun	lan-mendhet	ingkang-nyembelih	sedaya-	lan-rawuh	ingkang-Mahakuwasa
H1992	H3947	H2076	H3605	H0935	

יְהוָה	בְּבֵית-	עוֹד	כְּנַעֲנִי	יְהוָה	וְלֹא-	בָהֶם	וּבְשָׂלוֹ
Yéhuwah	ing-griya-	malih	pedagang	wonten	lan-boten-	ing-piyambakipun	lan-nggodhog
H3068		H5750		H1961	H3808		H1310

הַהוּא:	בַּיּוֹם	צְבָאוֹת
punika	ing-dinten	ingkang-Mahakuwasa
H1931	H3117	

Apadene sakehe kuwali ing Yerusalem lan ing tanah Yehuda bakal padha dadi sengkeran kagem Sang Yehuwah Gustine sarwa dumadi; sakehe wong kang saos kurban bakal njupuk kuwali mau, kanggo nggedhog. Ing wektu iku ing padalemane Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi bakal wus ora ana maneh wong kang dedagangan.